

ASESMEN FORMATIF

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi menehi tandha ping (X) ana ing aksara A, B, C, D, utawa E kang koanggap paling bener!

1. Wayang kang asal critane saka kitab Ramayana lan Mahabarata diarani wayang...
 - A. wayang kulit
 - B. wayang beber
 - C. wayang gedhog
 - D. wayang purwa
 - E. wayang wahyu
2. Kitab Ramayana diripta dening
 - A. empu Gandring
 - B. empu Prapanca
 - C. empu Sedah lan empu Panuluh
 - D. empu Walmiki
 - E. empu Kanwa
3. Nalika Hanuman mabur ing akasa, dheweke ditutake Danawa Wilkathaksini. Tembung “danawa” dasanamane yaiku ...
 - A. dewa
 - B. buta
 - C. raja
 - D. resi
 - E. kethek
4. Wayang wis dingerteni dening masyarakat Jawa wiwit taun...
 - A. 650 Caka
 - B. 675 Caka
 - C. 700 Caka
 - D. 725 Caka
 - E. 875 Caka
5. Lakon Anoman Dhuta iku sawijining crita ing kitab Ramayana perangan
 - A. Sundara Kandha
 - B. Uttara Kandha
 - C. Kiskenda Kandha
 - D. Aranya Kandha

E. Bala Kandha

6. Episode utawa perangan crita nomer siji kang aran Bala Kandha, nyritakake babagan ...
 - A. Prabu Dasamuka
 - B. Rama Gandrung
 - C. Rama Tundhung
 - D. Sayembara Mantili
 - E. Brubuh Alengka
7. Lungane Rama, Sinta, lan Laksmana saka Ayodya dicritakake ana ing ..
 - A. Bala Kanda
 - B. Uttara Kandha
 - C. Ayodya Kanda
 - D. Sundara Kandha
 - E. Kiskenda Kandha
8. Para kapibala ora bisa metu saka guwa amerga kena gendam dening Sayempraba sing diarani....
 - A. Aji Jalasutra
 - B. Aji Kemayan
 - C. Aji Sepiangin
 - D. Aji Gedhongmenga
 - E. Aji Candhabirawa
9. Dewi Sinta iku putrine Prabu Janaka saka negara
 - A. Manthili
 - B. Dwarawati
 - C. Ngalengka
 - D. Kiskenda
 - E. Ayodya
10. Jalaran Sayempraba ngrungu yen para wanara iku nedya marang Negara Ngalengka. Tembung “wanara” dasanamane apa
 - A. kebo
 - B. sapi
 - C. manuk
 - D. kethek
 - E. jaran

11. Garudha Sampati kuwi apane Garudha Jatayu?
 - A. kakange
 - B. adhine
 - C. wong tuwane
 - D. mungsuhe
 - E. kancane
12. Paraga Sinta nduweni watak ...
 - A. setya
 - B. seneng dora
 - C. wengis
 - D. julig
 - E. angkuh
13. Paraga Rahwana nduweni watak ...
 - A. loma
 - B. ksatria
 - C. wicaksana
 - D. sembada
 - E. wengis
14. Bathara Narada diutus dening Bathara Guru menehake “Maosadi Lata” menyang Wukir...
 - A. Udaya
 - B. Windya
 - C. Malyawan
 - D. Maenaka
 - E. Uttara Kanda
15. Piweling kang bisa kajupuk saka crita Animan Dhuta yaiku...
 - A. aja ngumbar hawa nepsu
 - B. menawa diwenahi pakaryan kudu tanggung jawab
 - C. kudu seneng tetulung marang sapadha-padha
 - D. nindakake pagaweyan kudu linambaran rasa ikhlas
 - E. manungsa kudu tansah manembah marang Gustine
16. Pepindhane Hanuman nalika mabur tumuju menyang Ngalengka, yaiku ...
 - A. kadya angin ing wektu wengi
 - B. kadya angin ing wektu kiyamat
 - C. kadya banyu kasokan madu

- D. kadya ancik-ancik pucuking eri
 - E. kadya angin ing mangsa rendheng
17. Katresnane Dewi Sinta marang Sang Raghawa ora luntur sanadyan kagodha marang bandha-bandhuning ...
- A. Sang Yaksendra Dasamuka
 - B. Sang Laksmana
 - C. Sang Harya Kumbakarna
 - D. Sang Indrajit
 - E. Sang Narendra Sri Kresna
18. Sawise Hanuman matur babagan Sang Raghawa, minangka tandha kapange Dewi Sinta, dheweke menehake nawala lan
- A. gaman awujud anting-anting
 - B. satugelan rambut
 - C. jarit kang dianggo
 - D. dhuwit sakanthong
 - E. cundhakamanik
19. Nalika matur ana ngarsane Dewi Sinta, Hanuman nyaritakake yen Sri Raghawa wis memitran karo
- A. Sang Jathayu
 - B. Sang Laksmana
 - C. Sang Sayempraba
 - D. Sang Dasamuka
 - E. Sang Sugriwa
20. Pepindhane Praja Alengka yaiku kadya Kahyangan
- A. Arga Sapta
 - B. Indraprasta
 - C. Arga lawu
 - D. Indraloka
 - E. Arga meru